



Depistaj Kansè nan Poumon

Kesyon Moun Poze Souvan

K: Kisa k ap pase si tès depistaj mwen an pa nòmal?

Si tomodansitometri (egzamen CT) ou a montre yon nodil nan poumon, Klinik Nodil Poumon BMC a la pou ede w. N ap travay ak ou ak founisè swen primè ou a pou elabore yon plan espesyalize pou ou. Erezman, majorite nodil nan poumon yo pa bay okenn pwoblèm epi se mwens pase 5% nan yo ki se kansè. Men, li enpòtan pou suiv rekòmandasyon doktè w la pou jere yon nodil nan poumon yon fason pou asire nou modil ki se kansè yo jere pandan yo kapab trete a.

K: Kisa mwen dwe fè si m gen yon kansè nan poumon?

Nan BMC, swen nou bay pasyan ki gen kansè nan poumon yo se rezilta yon travay ki fèt an ekip. Nan yon anviwonman ki favorab epi ki santre sou pasyan an, nou òganize sèvis yo pou ou, kote nou reyini eksperyans ak ekspètiz plizyè espesyalis pou akonpanye w pandan pakou pasyan w lan depi sou premye randevou w la rive nan tretman ak vizit pou suivi ou yo.

Ekip swen ou an miltidisciplinè. Li gen ladan founisè ki nan plizyè domèn diferan, kote chak nan yo espesyalize nan kansè poumon.

Q: Kisa kansè poumon an ye?

Kansè poumon an parèt lè selil ki pa nòmal yo fòme nan poumon an epi yo rive devlope san kontwòl. Tach anòmal sa yo fòme sa yo rele yon nodil oswa yon tach, kote tisi poumon an vin pi solid pase jan li ta dwe ye.

Anpil nan kansè nan poumon se fimen ki bay yo.

K: Ki diferans ki genyen ant yon tès depistaj ak yon tès dyagnostik?

Tèsdepistaj la pèmèt yo detekte yon maladi anvan li lakoz sentom oswa pwoblèm.

Depistaj kansè poumon an pèmèt yo detekte kèk kansè poumon nan yon nivo prekòs, lè yo piti. Depistaj atravè tomodansitometri a diminye risk pou se kansè nan poumon ki touye pasyan ki elijib yo.

Tès dyagnostik lapa menm ak depistaj la. Yon tès dyagnostik fèt lè yon moun prezante siy oswa sentom kansè poumon oswa lè yon tès depistaj detekte yon bagay ki sanble ak yon kansè.

K: Kisa ki depistaj kansè poumon atravaè tomodansitometri fèb dòz la?

Depistaj kansè poumon an fèt atravè tomodansitometri. Li itilize yon fèb dòz (kantite) radyasyon pou bay imaj detaye sou poumon w. Kantite radyasyon an sanble ak pa yon mamografi. Egzamen an dire kèk minit sèlman epi li pa lakoz doulè. Yo p ap bezwen pike w pou egzamen an.

K: Kijan m kapab diminye risk pou m gen kansè nan poumon?

Pi bon fason pou w diminye risk pou w gen kansè nan poumon se sispann fimen.

K: Èske asirans lan kouvri depistaj poumon an?

Medicare ak plan asirans prive yo kouvri tomodansitometri fèb dòz (LDCT) pou depistaj kansè nan poumon an pou pasyan ki kalifye yo.

K: Kiyès ki kalifye pou yon depistaj poumon?

Ekip Travay sou Sèvis Prevantif nan Etazini (The U.S. Preventative Services Task Force, USPSTF) rekòmande yon depistaj poumon anyèl nan ka sa yo:

- Ou gen ant 50 jiska 80 lane (Medicare responsab depistaj anyèl ou a jiska 77 lane).
- Ou te konn fimen omwen 20 pake chak ane.
- (Tankou: Yon pake chak jou pandan 20 lane oswa 1/2 pake chak jou pandan 40 lane)
- Ou toujou ap fimen.
- Ou te konn fimen men ou gen mwens pase 15 lane depi w sispann.
- Ou PA prezante okenn sentom kansè nan poumon.
- (Tankou: ou pa touse san, ou pa pèdi pwa).

K: Kijan mwen kapab benefisye yon depistaj poumon?

W ap bezwen rekòmandasyon doktè w la pou w benefisye depistaj kansè poumon an. Pale ak doktè w la sou risk yon kansè nan poumon ak elijibilite w pou depistaj la. Founisè swen w lan kapab eksplike w risk ak avantaj yo, rezilta yo ak pwochen etap yo.

K: Depistaj todomansitometri mwen an negatif (nòm). Kisa k ap rive aprè?

Yon tès depistaj todomansitometri negatif pa vle di ou p ap devlope kansè nan poumon pi devan, epi li pa yon rezon pou w pa kite fimen. Bagay ki pi enpòtan ou ka fè pou diminye risk kansè nan poumon se pou pa fimen oswa pa itilize nenpòt fòm tabak. Anplis, nan majorite ka yo, nou rekòmande yon nouvo depistaj atravè todomansitometri sou yon lane.

Kontakte Pwogram Depistaj Kansè nan Poumon ak Evalyasyon Nodil Poumon yo

P 617.638.5864

725 Albany Street, Boston, MA 02118

[BMC.org/ lung-screening](https://www.bmc.org/lung-screening)

